



Pou Piblikasyon Imedya: 14/10/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL SIYEN YON LEJISLASYON POU EDE SIVIVAN KANSÈ NAN TETE YO PANDAN RETABLISMAN YO**

***Lejislasyon (A.8537/S.7881) asire ke sivivan kansè nan tete ki chwazi operasyon rekonstriksyon apre yon mastektomi gen bon kouvèti asirans***

***Gouvènè a siyen lejislasyon pandan Mwa Sansibilizasyon Kansè nan Tete, ke nou obsève nan mwa oktòb***

Gouvènè Kathy Hochul te siyen jodi a lejislasyon ki pral ede sivivan kansè nan tete yo pandan retablisman yo. Lejislasyon (A.8537/S.7881) pral asire ke sivivan kansè nan tete ki chwazi pou yo fè operasyon pou rekonstriksyon nan pwatrin apre yon mastektomi oswa mastektomi pasyèl gen bon kouvèti asirans. Gouvènè a te siyen pwojè lwa a pandan Mwa Sansibilizasyon Kansè nan Tete, ke nou obsève nan mwa oktòb.

"Sivivan kansè nan tete yo merite pou yo trete yo avèk diyite ak respè nan sistèm swen sante nou an", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Fanm ki chwazi operasyon rekonstriksyon pawa torasik yo apre yon mastektomi pral kounye a gen kouvèti asirans pou pwosedi a ak enfòmasyon ki nesèsè yo chwazi opsyon sa a. Mwen fyè pou m siyen lwa sa a pandan Mwa Sansibilizasyon Kansè nan Tete a epi mwen ankouraje chak fanm nan New York pou yo fè yon mamografi ane sa a".

Lejislasyon (A.8537/S.7881) asire ke sivivan kansè nan tete ki chwazi pou yo fè operasyon pou rekonstriksyon nan pwatrin apre yon mastektomi oswa mastektomi pasyèl gen bon kouvèti asirans pou operasyon an. Dapre nouvo lwa sa a, tou de rekonstriksyon tete ak rekonstriksyon pawa torasik la pral kouvri pa asirans, sa k ap bay fanm yo yon chwa nan fason yo vle kò yo apre mastektomi an. Lwa a pral asire tou doktè yo diskite sou opsyon pou rekonstriksyon pawa torasik la avèk pasyan yo pou li ka pran yon desizyon enfòmè.

Apre youn sou uit fanm Etazini pral dyagnostike ak kansè nan tete pandan tout lavi yo, epi anpil moun sibi mastektomi oswa mastektomi pasyèl kòm yon pati nan tretman yo pou retire kansè yo. Apre yon mastektomi oswa yon mastektomi pasyèl, kèk fanm chwazi operasyon rekonstriksyon tete pandan ke lòt moun chwazi operasyon rekonstriksyon pawa torasik; deja, lwa a te sèlman egzije asirans pou kouvri

rekonstriksyon tete men rekonstriksyon pawa torasik pa te ladan, sa ki te klase kòm "estetik" pa anpil konpayi asirans.

**Senatè Eta, Toby Ann Stavisky, te deklare,** "Nou kwè fanm yo merite gen otonomi sou pwòp kò yo. Si yon fanm sibi yon mastektomi pou konbat kansè nan tete, yo gen dwa chwazi nan tout opsyon apre operasyon yo. Si yon fanm chwazi sibi rekonstriksyon pawa torasik, asirans lan ta dwe kouvri l, menm jan ak rekonstriksyon tete a. Mwen fyè dèske mwen te sipòte dokiman lwa sa avèk Manm Asanble Pheffer-Amato epi mwen remèsye Gouvènè Hochul dèske li siyen lwa sa a".

**Manm Asanble Stacey Pheffer-Amato te deklare,** "Jodi a, New York fè istwa kòm premye Eta nan peyi a ki bay fanm kouvèti sa a. Lwa sa a bay fanm yo yon chwa sou fason yo vle kò apre mastektomi yo an parèt. Mèsi Gouvènè Hochul paske ou te siyen pwojè lwa sa a, epi Senatè Toby Ann Stavisky paske ou te defann sa atravè Sena a epi te yon gwo lidè. Eta nou an te fè yon gwo pa nan montre nou pa sèlman vle fanm ki sibi kansè nan tete yo siviv, nou vle wè yo ap epanouyi".

###

Lèt nou vèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418